**NUKUS TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**
*230100, Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 92*

**NUKUS INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**
*230100, Nukus, A.Dosnazarov street, 92*

Tel: 55 102 40 66 e-mail: i.nukus@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**Ш Е Ш И Ў Ш И ҚАРАР**

**2022-жыл 6-декабрь Нөкис қаласы *****

Нөкис районлар аралық экономикалық судының судьясы М.Каримбаеваның басшылығында, судья жәрдемшиси С.Калмуратовтың хаткерлигинде, даўагер ўәкили *** (исеним хат тийкарында)тың қатнасында, даўагер ***, жуўапкер – ***нан 13 427 276,90 сўм тийкарғы қарыз, 2 499 030,79 сўм пеня өндириў ҳаққындағы даўа арзасын ҳәм қосымша қылынған ҳүжжетлерин суд имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

*** (кейин-даўагер) ***нан (кейин-жуўапкер) ҳәм оның ***нан 13 427 276,90 сўм тийкарғы қарыз, 2 499 030,79 сўм пеня өндириўди сораған.

Суд мәжилисинде даўагер ўәкили даўа арзаны қанаатландырыўды сорады.

Жуўапкер ўәкиллери суд мәжилисине келмеди. Истиң усы күни көрилетуғыны ҳаққында хабарнама почта ҳүжжети менен тастыйықланады. Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 170-статьясының 3-бөлимине тийкар, исти көриў ўақты ҳәм болатуғын орны ҳаққында тийисли тәртипте хабарландырылған жуўапкер, үшинши шахслар суд мәжилисине келмесе, даўа олардың жоқлығында шешилиўи мүмкинлиги белгиленген. Сонлықтан суд жуўапкерлер қатнасыўысыз исти көриўди мақул тапты.

**Суд ис материалларды үйренип шығып, тәреп ўәкилиниң түсиниклерин тыңлап, даўа арзаны қанаатландырыўды мақул тапты.**

Усынылған хүжжетлерге қарағанда, жуўапкер кәрханада ислеген дәўиринде, пуқара ***ке Өзбекстан Республикасы «Пуқаралардың мәмлекетлик пенсия тәмийнаты ҳаққында»ғы Нызамының 15-статьясына тийкар нагиранлик пенсия алыў хуқықы менен пенсияға шыққан. Даўагер тәрепинен 2022-жыл январь айы халатына 2 419 686,49 сўм қарыз, январь-октябрь айларына қоса усы жоқарыда көрсетилген шахсқа пенсия төленип келинген.

Бахытсыз ҳәдийсениң жүз бергени иске косылған арнаўлы акт ҳәм тәреплер ортасындағы салыстырмалы акт менен тастыйықланады.

Даўагер тәрепинен жуўапкерге жиберилген талапнама орынланбаған, яғный қарыз төленбеген.

Солай етип, жуўапкер 13 427 286,49 сўм төлениўи тийис екенлиги анықланды.

Өзбекстан Республикасы «Пуқаралардың мәмлекетлик пенсия тәмийнаты ҳаққында»ғы Нызамының 7-статьясына муўапық пенсия жасына жеткенге шекем тайынланған пенсия пулларды Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги жанындағы Бюджеттен тыскары пенсия қорына өткизиўи белгиленген.

Даўагер даўа арзада 2 499 030,79 сўм пеня талап еткен. Даўагердиң пеня өндириў талабы тийкарли есапланады.

Себеби, жуўапкер даўагерге төлениўи лазым болған сумманы кешиктиргенлиги ушын 0,033% дан қарыздың 100% аспаған муғдарда пеня есапланыўы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2014-жыл 23-декабрь күнги 357-санлы қарары менен тастыйықланған Нызамның 20-бәнтинде нәзерде тутылған.

Сонлықтан суд, даўагердиң төленген пенсияны регресс тәртибинде ҳәм пеня өндириў талабы нызамлы ҳәм тийкарлы есапланады деген жуўмаққа келип, даўа талабын қанаатландырыўды лазым табады.

Суд ис бойынша топланған ҳүжжетлерди, дәлиллерди үйренип шығып даўа арзаны қанаатландырыўды жуўапкерден даўагер пайдасына 13 427 276,9 сўм төленген пенсия, 2 499 030,79 сўм пеня, 24 000 сўм почта қәрежетин, жуўапкерден (13 427 276,90+2 499 030,79 х2%=)318 526,15 сўм мәмлекетлик бажы республика бюджети есабына өндириўди лазым табады.

Усы жоқарыдағыларға ҳәм Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**Қ А Р А Р Е Т Т И :**

Даўа арза қанаатландырылсын.

***нан *** пайдасына 13 427 276,9сўм регресс тәртипте, 2 499 030,79 сўм пеня, 24 000 сўм почта қәрежети өндирилсин.

***нан республика бюджетине 318 526,15 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Шешиўши қарар нызамлы күшине толғаннан соң орынлаў хат берилсин.

Шешиўши қарар қабыл етилген күннен кейинги бир ай ишинде шешиўши қарарға наразы тәреп усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртипте арза (прокурор протест) келтириўге ҳақылы.

**Судья:** **М.Каримбаева**